

**AVI ELEKSYON MINISIPAL JENERAL NAN VIL MIAMI, FLORID
KI VA FÈT MADI 7 NOVANM 2023
KONFÒMEMAN A REZOLISYON NIM. R-23-0171
NAN OBJEKTIF POU ELI BIWO
TWA KOMISYONÈ VIL LA KI dwe eli NAN DISTRIK 1, 2 AK 4
KI YO CHAK GEN YON SÈL REPREZANTAN**

Gen yon eleksyon minisipal jeneral ki va fèt madi 7 novanm 2023 soti 7:00 A.M. rive 7:00 P.M. nan Vil Miami, Florid, nan biwo vòt nan plizyè sant biwo vòt ke Sipèvizè Eleksyon Konte MiamiDade la deziyen, kote nan eleksyon sa a elektè ki kalifye pou patisipe ladan l va vote pou ofisyè minisipal sa yo: twa Komisyonè Distrik, ki dwe eli nan Distrik 1, 2 ak 4 ki yo chak gen yon sèl reprezantan. Si sa nesesè, va gen yon dezyèm tou eleksyon ki va fèt madi 21 novanm 2023.

Kalifikasyon kandida pou eleksyon minisipal jeneral la va fèt nan Biwo Grefye Vil la nan Miami City Hall, 3500 Pan American Drive, Miami, Florida, 33133 apati vandredi 8 septanm 2023, epi li ap fini samdi 23 septanm 2023. Pandan peryòd sa a, Biwo Grefye Vil la va louvri lendi rive vandredi soti 8:00 A.M. rive 5:00 P.M., epi samdi 23 septanm 2023, soti 8:00 A.M. rive 6:00 P.M.

Avèk anpil respè, nou mande tout moun ki swete poze kandidati yo tanpri rele davans pou pran yon randevou pou kalifikasyon kòm yon kandida. Randevou yo ka fèt lè moun kontakte Biwo Grefye Vil la pa imel nan City-Campaigns@miamigov.com oswa nan (305) 250-5361.

Vizite www.miamigov.com/elections pou plis enfòmasyon oswa kontakte Biwo Grefye Vil Miami an pa imel nan City-Campaigns@miamigov.com oswa nan (305) 250-5361.



Todd B. Hannon
Grefye Vil
Anons Nim. 40481